

# YON ABIMAN DEZYÈM MEN



Mwen te apèn rantre ak pastè a. M te di . . . M te mande l yè pou l rele m. E m te vin dekouvri, mwen apèn . . . Tout jounen an, pa t gen ankenn apèl, e m te panse: “Ebyen, m ap mande m kisa k pa va? Gen yon bagay ki . . . Tout bagay tèlman trankil.” Epi apre yon ti tan, Sè Wood te tante fè kèk apèl. Telefòn mwen an te anpàn, kifè, si gen nan nou ki te rele. Telefòn lan sonnen, men li pa t ka fè son la a, konsa pwoblèm lan te anba nan santral la. Yo te ranje l vè uitè yè swa, oswa petèt yon tijan anvan sa, epi, telefòn lan, apèl yo ap antre kounye a.

<sup>2</sup> Nou kontan nan sèvis la maten an. Mwen gen yon grip terib, ke anjeneral mwen konn genyen lè m tounen lakay. Ap pwomennen nan nèj jis nan tay ou, ap dòmi deyò lannwit. M pa janm panse a sa lè m lwenn isi a, men m te jis travèse kolin sa la nan New Albany, se sèl sa w oblije fè, pou rive nan vale sa, apres a m te pran yon move grip. E se yon . . . M pa konnen, gen yon bagay nan vale a la ki gade sa trè ba. E sa trè ba, e sa jis pa ale avè m ditou.

<sup>3</sup> Kounye a, nou kontan nan legliz la, jan m te di a, pou vin tandè bon pastè byenneme nou an k ap ofri priyè l pou nou, bay Seyè Jezi a. Epi—epi pou ap tandè, se tris pou ap tandè gen sitèlman ki malad epi nan bezwen, e kijan dyab la dechennen pou rann tout moun malad.

<sup>4</sup> Epi yon ti dam te pale de sè l dèyè a la, e mwen konnen ke Sè Sauer laba te avè l. Doktè a voye l lakay li pou l mouri la. E manzè toujou kwè ke li pral geri. E li nan yon kondisyon grav, trè grav. Bèlmè m, menm bagay la, li gen swasann dizan kounye a. Li nan yon trè move eta. E sètènman gen anpil maladi toupatou nan peyi a. Alò gen yon Sentespri toupatou nan peyi a, ou wè, k ap geri maladi nou yo, si nou ka sèlman jwenn gras bò kote L.

<sup>5</sup> E kounye a, kòm gòj mwen ap boule m, pa boule m, men li irite. Mwen pa pral eseye preche, men jis pale avè nou yon ti moman apati de Pawòl la, e apres a priye pou malad yo, sa m te pwomèt pou m te fè. Men jis anvan m fè sa, mwen ta renmen anonse kèk lòt reyinyon. Mwen . . .

<sup>6</sup> Nan sèvis mwen yo mwen te gen yon jan de ti opozisyon nan . . . pa opozisyon, men jis yon ti malantandi. E anpil fwa, mwen—mwen pa gen resous pou sèvis mwen yo, jan—jan anpil lòt frè nan chan an genyen, tankou radyo ak televizyon, ak magazin e latriviye. Epi avèk sa, enben, yon moun ta ka di: “Frè Branham gen pou l isit la.” Kounye a yo anonse m twa kote pou semèn sa, jis jodi a, twa diferant plas. Youn anba nan Kentucky, de nan Kalifòni, ke mwen konnen. E pa gen anyen ou ka fè sou sa, paske

mwen pa gen ankenn lòt resous ofisyèl, kifè sa rann bagay yo on jan difisil.

<sup>7</sup> Epi, ya, si ta rive gen yon moun ki soti anba nan zòn Madisonville, Kentucky, la. Yo te anonse m pou m te desann la semèn pase a, e m pa t konn anyen sou sa. M te tounen lakay, e—e yo te anonse l; epi frè ki te fè sa, non l se Epley, oswa, mwen kwè se te non li, an tout bòn fwa, li te fè l. Li te rele m pou mande si nou te ka jis desann pou—pou vin yon benediksyon epi resevwa yon benediksyon nan men pèp li a. Epi li te rele. Mwen te di l pou mande Frè Moore. Ebyen, alò, mwen te oblije pati. Mwen te di l mwen te dwe kite menm jou a. Ebyen, Frè Moore pa t fè ankenn moun konnen. Epi lè, oswa fè m konnen, oswa fè madanm mwen konnen. Kidonk m te Idawo, epi m te fèk antre, e reyinyon an t ap dewoule.

<sup>8</sup> Kifè, konsa mwen te wè, pandan tan sa, nou pa t ka fè aranjman an Lwizyàn pou bagay k ap pase isi a. Alò, m te jis pran kontwòl dispozisyon m yo mwenmenm, pou m fè pwòp aranjman pa m pou reyinyon yo, jouk reyinyon m yo te gen. . . Mwen jis on jan. . . O, mwen pa konnen, mwen kwè ke konfesyon bon pou nanm. Nou pa kwè sa? Mwen te twò lan konsènan bagay sa yo. Ap jis kite nenpòt moun, nenpòt kote, jis kite sa ale pa aza. E mwen dekouvri ke, sa pa bay rezilta. Apre yon bon bout tan, ou mete. . . Ou dwe gen yon sistèm pou sa. E kounye a m ap eseye fè aranjman yo.

<sup>9</sup> E mwen—e mwen pral wè Madam. Arnold. mwen. . . Gen yon nonm isi a nan Louisville ki te trè byen, lè m te konn gen reyinyon isi a, e non li se Frè Burgum. E li te vle youn—you sware ou de, ak sèvis. Mwen pral wè ti Teddy pa l la, mwen kwè, Teddy Arnold, pou, yon ti tan semèn sa.

<sup>10</sup> Epi samdi ak dimanch k ap vini an, si m kapab, si Seyè a vle, m vle desann Madisonville. Yo te gen vennsenk, trant minis laba a. Yo tout te chita la, te vini pou kèk. . . Youn nan yo te fè sis, sèt, san mil. Ebyen, pa t gen pèsonn la, kifè m pa t la, e se pa t fòt mwen, men mwen jis. . . men jis akòz de malantandi, oswa m te neglije rele l. E m ap eseye desann la wikenn pwochen, si Seyè a vle.

<sup>11</sup> Apresa, du senk o sis, m ap Brooklyn, New York. Epi apres a de la etan, le katòz, kenz, e sèz, m ap nan Parkersburg, nan West Virginia. M fèk sot fè de aranjman sa yo yès a epi maten an. Kounye a, Charlotte, South Carolina, jis sou lis la, men m pa konnen. Apresa, vakans ap rive.

<sup>12</sup> Apresa nou pral West Coast, kote y ap òganize youn—you gwo reyinyon nan oditoryòm. Bon, sa yo se—se ti reyinyon tankou nan lekòl segondè ak bagay konsa. Sila laba West Coast la, pral youn—you reyinyon ak de vil, youn reyinyon ant plizyè vil ansanm, Oakland epi San Francisco.

13 E answit delegasyon Phoenix la, poutèt Frè Roberts pa ka la ane sa, mwen dwe on jan pran plas li nan Phoenix, nan—nan tout reyinyon rejyon Maricopa a. Sa se yon efò kolektif.

14 Epi priye pou mwen paske mwen—mwen bezwen sa. E mwen reyalize ke chak fwa lafwa tabli tèt li, dyab la brake tout zam lanfè dwat sou li, konsa, ou wè, alò sa rann bagay yo ase difisil.

15 Kidonk, maten an, pou priye pou malad yo. Mwen vle li on pati nan Pawòl Etènèl Bondye a, pou pale jis kèk moman nan Lèzekriti, e apres a priye pou malad yo. O, ala mwen renmen pale de Li! E noumenm? Mwen jis renmen pale de Li.

16 Kounye a mwen vle li nan Bib la, De Wa chapit 2, vèsè 12 la, yon pati ladann.

*Epi lè Elize wè sa, epi . . . li rele: Papa m, papa m, charyo Izrayèl la, ak kavalye yo.*

17 E kounye yon fason pou pran yon—yon tèks, oswa yon sijè, mwen vle pale sou: *Yon Abiman Dezyèm men*. Bon ke Seyè a ajoute benediksyon L pandan n ap pale avè w maten an. Epi rete nan lapriyè pou nou.

18 Pandan epòk sa a sou rèy Izrayèl nan peyi a, Izrayèl te yon nasyon, e se te yon nasyon pwisan, e se te on epòk pito pezib sou plan militè. Men nan—pati espirityèl la, se te yon jan de yon—yon epòk pou—pou imitasyon. E si nou gade dèyè nan Ansyen Testaman an, nou ka toujou jwenn egzanp de sa k ap pase jodi a. Toujou, nan Bib la, bagay ki la kounye yo, se jis antitip de sa ki te nan kòmansman an.

19 Kounye a, Liv Jenèz la pwodui tout bagay ki nan mond lan jodi a. Pa gen anyen nan mond lan ki pa t kòmans nan Jenèz, paske se kòmansman an. La a, chak ism te kòmans. Se nan Jenèz, tout bagay ki gen kòmansman te kòmans. E vrè Legliz la te kòmans nan Jenèz. E fo kwayan an te kòmans nan Jenèz. Endiferans te kòmans nan Jenèz. Jenèz se te kòmansman an.

20 E kounye a pandan rèy Eli a, oswa pandan pelerinaj Eli isi a sou tè a, ki te pwofèt Bondye pou tan an.

21 E Bondye pa janm retire Tèt Li sou tè a san kite yon temwen. Bondye te toujou gen, kèkpa, nan kèk plas, yon moun ke Li ka met men L sou li e ki ap vle pran pozisyon l kòm temwen. Kidonk si L te fè sa, depi Jenèz, nan kòmansman an, se sèten, kèkpa, Bondye gen yon nonm ke L ka poze men L sou li kounye a. Paske Li—Li gen plis ke yon nonm kounye a, Li gen anpil moun ke L ka poze men L sou yo, paske n ap rive nan—nan tan rasanbleman an, tan rekòt la.

22 Jenèz se te tan plante semans lan, e sis mil an sa yo se te tan matirite rekòt la. E kounye a semans lan vin yon semans pou tèt li. Li te retounen nan flè a, e de flè a rive nan—nan fwi a. E se tan rasanbleman an kounye a, tan rekòt la, tout gwo bagay ki te kòmans yo. Vrè Legliz ki te kòmans nan Jenèz la rive nan

tan fwi a, fwi Lespri a. E antikris la ki te kòmanse nan Jenèz la rive nan fwi li. E nou jis nan fen tan tout dispansasyon mond sa annantye, . . . fen tan èt mòtèl la. E nou se . . . Se pi gwo tan ke nenpòt moun, oswa nenpòt bagay nenpòt laj, te janm viv, se tan sa a. Se yon tan ki gen sekous. Se yon moman difisil pou pechè, men se on moman mèveye pou Kreyen, paske nou konnen ke nou—n ap ramase, oswa n ap rasanble dènye ti efò yo ansanm, pou al Lakay epi rankontre Seyè a.

<sup>23</sup> Kounye a moun yo, jodi a, pandan n ap gade toutotou pou wè gwo pwoblèm ak detrès nasyon an ap konfwonte, kote . . . Kèk sware de sa, m t ap pale a yon moun, se te youn nan ajan siveyan isi a k ap siveye yo, e yo te di: “Frè Branham, nou fèk resevwa enstriksyon gouvènman an pou pa janm konseye moun ankò pou yo kouche bò . . . byen lwen fenèt yo sou planche a, si on bonm eklate, oswa pou pa janm al nan yon sousòl, paske nouvo bonm sa yo ka gide pa radyo apati de Moskou rive nan Katryèm Ri nan Louisville, epi frape dirèk nan lari a, si w tire l, li gen goud- . . . de bagay ladan l, eksplozif, pou transpòte l *tan* milye, e *tan* milye de distans, gide pa zetwal ak rada, pou lage l egzaktman nan Katryèm Ri nan Louisville, apati de Moskou, Larisi, epi lè l ap frape la, yo pa bezwen itilize ni yon avyon ni anyen, jis fè l dekole *isi a*, pou l ateri drèt *la*, e sa va fè yon twou nan tè a, nan yon zòn, pwofondè san swasannkenz pye sou kenz mil kare distans nan nenpòt sans li prale ou yon lòt, kenz mil kare distans.” Pa gen anyen pou fè ke pare pou pran vòl anwo, se sèl bagay pou fè lè tan sa yo rive.

<sup>24</sup> Jis panse, yo ka tire senkant ladan yo, oswa yon santèn, alafwa, si yo ta vle. Tout bagay pral fini, nan espas . . . Mwen kwè se swasant oswa katreven minit, oswa yon bagay konsa, oswa segonn—segonn, pito, apati de laba a isi a, jiskaske destriksyon total tout bagay la nèt ta fèt. Pa t ap gen anyen ki rete ant Louisville e Henryville, epi ant Louisville e—e Bardstown, oswa anba la, ke yon twou nan tè a ak yon pakèt pousyè etann sou li. Se tou sa ki t ap rete, san konte zòn kote li t ap etann, epi boule sou de mil e de mil de distans depase sa. E pandan youn ap tonbe la, yon lòt ap tonbe yon lòt kote, pou rejwenn li.

<sup>25</sup> Mwen tèlman kontan ke nou gen yon Abri. “Non Seyè a se yon gwo kay Touwon pwisan, moun ki jis yo kouri antre Ladann e yo an sekirite.” Pe enpòt kantite bonm oswa kantite nenpòt lòt bagay ke . . . Nou an sekirite La. Kidonk, mond lan ak pechè yo, ki pa gen Abri sa, oswa Plas sekirite sa, se yon tan ak sekous. Mwen kwè, si m pa t yon Kreyen, m t ap fou, pou ap panse a sa k ka rive nenpòt kilè. Ak yon kay ranpli ak timoun piti, ak tout bagay, m pa t ap konn sa pou m fè. Men mwen tèlman kontan ke mwen ka kanpe lakay mwen pou ap prezante yo yon Abri ke ankenn bonm pap janm ka touche, oswa anyen lòt, anba Zèl pwotektè Seyè Jezi a. “Pa pa pwisans, pa pa fòs, men pa Lespri Mwen,” Seyè a di. Ou wè? Sa se pwoteksyon nou.

<sup>26</sup> E ala yon gran moman, gloriye sa ye, pou konnen ke tout peche ak lit ak eprèv lavi yo pral fini byento. Tout sa pral fini youn nan jou sa yo, e nou pral Lakay pou n avèk Seyè a. Kounye a, sa k rete se yon tan pou preche Levanjil la epi pou mennen nan gwo kay Touwon sa an otan, otan de moun ke nou kapab.

<sup>27</sup> Epi, kòm nou wè l nan modèl leson nou jodi a, Eli, pandan rèy li, limenm . . . oswa, pelerinaj li sou tè a, enben, li te yon gwo, nonm pwisan. Bondye t ap itilize l yon fason pwisan, ak pwisans ekstraòdinè. E nou jwenn ke pandan tan sa, te gen yon gwoup imitatè ki t ap eseye imite Eli, ki t ap eseye fè menm bagay Eli te fè yo.

<sup>28</sup> E konsa nou jwenn menm bagay la jodi a; imitasyon Kreyente a, moun k ap eseye ajì tankou Kreyen, k ap eseye fè tèt yo pase pou Kreyen. Ou pa ka fè sa. Se Bondye ki dwe fè sa. Li se sèl Sila Ki ka fè l.

<sup>29</sup> Kidonk yo te fòme yon lekòl, e yo te rele l, “lekòl pwofèt yo.” E yo tout t al nan lekòl pwofèt yo, e yo te edike yo. E m ka imajine tout predikatè sa yo anwo a la, k ap mete menm jan de manto Eli te konn pote. Mwen ka imajine yo k ap eseye imite l nan vwa l, fason l te konn pale. Ak—ak fason l te konn prezante tèt li, tout moun t ap eseye fè menm bagay la, paske Eli te yon grantòm ke Bondye te itilize.

<sup>30</sup> E nou jwenn menm bagay la jodi a. Mwen t ap tande yon emisyon radyo, sa pa fè lontan. Yo gen dè Billy Graham toupatou nan peyi sa, depi lè Billy te vin Louisville la. Tout moun k ap eseye imite menm bagay la, penyen cheve yo prèske menm jan an, epi—epi ap mete menm bagay la, ak menm jan de vwa a, e latriye. Men ou pa ka fè sa. Ou jis dwe rete moun ou ye a epi sa Bondye te fè w pou ye a. Se vre. E se konsa nou jwenn, petèt, nan epòk sa yo menm bagay la te rive.

<sup>31</sup> Kounye a, Bondye, te wè, te prevwa ke jou Eli yo te konte, ke li te rete *tan dane* li te ka rete la sou tè a, tankou tout moun, kidonk Li ta pral gen youn pou ranplase Eli. E lè L te fini, Bondye te rele nonm sa a. Li pa t nan ankenn semèn lè L te rele l. Li t ap laboure nan yon chan, ak yon jouk bèf, ap fè sèvis, oswa t ap pran swen manman l ak papa l. E Bondye te rele l pou ranplase Elize, oswa, Eli.

<sup>32</sup> Petèt anpil nan lekòl la te panse yo te sèten ke yo ta pral ranplase l, yo ta pral mete abiman li an osito ke l te fini avè l.

<sup>33</sup> Men, se Bondye ki fè apèl la. Se Bondye ki fè chwa a. Se Bondye ki fè eleksyon an. Se Bondye ki mete lòd. “Bondye etabli nan Legliz: kèk, apot; kèk, pwofèt; kèk, anseyan; kèk, evanjelis; e pastè.” Bondye fè sa, Limenm. Nou pa ka rann yon sèl cheve nwa ou blan, nou pa ka ajoute yon sèl bagay sou grandè nou ak panse nou ke akseptè. Bondye, nan gras enfini Li, e pa eleksyon Li epi presyans Li, mete bagay sa yo annòd, e chak wou mache jis kòrèkteman. Mwen renmen sa.

34 Mwen t ap yon nonm dekouraje, maten an, si m pa t kwè nan eleksyon ak apèl Bondye. Si m tepanse ke mond sa te lese a sò li, a pwisans, ak sajès lòm, epi a Kat pi Gwo peyi yo, a Nasyonzi, ki pa janm menm nonmen Non Bondye, mwen t ap yon moun dekouraje, men mwen pap atann mwen a sa pou rezilta a.

35 M ap gade nan paj vye Liv sa *isi a*, kote Bondye te ekri L, e tout bagay ap rive egzakteman fason Li te di l la, e se tou. Kifè, sèl bagay pou m fè se pa aliye m avèk yo, men aliye m avèk Kalvè a. Aliye m avèk Bondye, aliye m avèk Pawòl Li, rete nan Pawòl Li. Pe enpòt jan sa sanble ke sa pral rive fason sa, sa ap rive jan Bondye antann li an. Sa pa ka anyen lòt. Paske, Limenm ki enfini, te konn fen an depi nan kòmansman, e Li fè tout bagay abouti a lwanj Li. Se vre.

36 “Tout bagay pral oblije fonksyone ansanm.” Tout bagay pral oblije travay pou tonbe dwat nan plas yo. O lala! Èske sa pa t ap fè yon Kreyen gen kouraj! Pa gen anyen ki ka ale mal. De tout fason, se pa batay nou; se batay pa L. Se pa sajès nou; se sajès pa L. Sèl inik bagay nou dwe fè se mete fwa nou epi konfyans nou la, epi rete trankil pou wè glwa Bondye, wè kouman L ap bouje toupatou pou al nan plas Li, e chak wou ap bouje. Li ka gaye de yon kote a yon lòt, men L ap tonbe drèt nan vrè plas Li lè Bondye ap pwononse Pawòl la.

37 Li te konnen lafen depi nan kòmansman an. Li te konnen li ta pral chwazi. Li te konnen Elize t ap pran plas Eli, anvan mond lan te janm fòme. Tout bagay dwe mache jis egzakteman kòrèk.

38 Epi nou enkyete nou pou byenneme nou yo, e latriye, “Èske y ap janm vini?” Si non yo, te ekri nan Liv Lavi Ayo a, anvan fondasyon mond lan, y ap avanse drèt la. Se sèl bagay li ka fè. Nou bay temwayaj epi nou fè Limyè a briye. Bondye, se Sila ki pote L ba yo a.

39 Kounye a remake, konsènan Eli, apres a, apre l te fin voye abi l la sou li, epi te eseye l sou li. Nan lòt mo, Eli pwofèt la, ki te gen manto Bondye a sou zepòl li, li te desann epi te depoze l sou Elize, kiltivatè a, pou wè si l t ap byen chita sou li. E sa te pran apeprè dizan pou l te byen ajiste, pou l te ka adapte l a manto sa.

40 Ou konnen, dabitid Bondye mete nou nan yon atelye pou ajiste nou. Bon, Li pa t ajiste abiman li a pou l te byen chita sou Elize; Li òdone Elize pou l te ajiste l a abiman an. E se sa L ap fè jodi a. Li ajiste nou pou abiman an byen chita, se pa abiman an ki pou ajiste a nou. Pafwa nou vle fè abiman an ajiste a nou, men nou pa ka fè sa. Ou dwe (kite) ajiste w, oumenm, pou abiman an. Se abiman Bondye a, e Li te fè l pafè. E nou dwe . . . Li dwe mennen nou nan domèn sa, pou fè abiman an byen chita sou nou.

41 Kidonk, nou pa ka pafè, noumenm. Nou konnen nou pa kapab. Pa gen ankenn fason pou nou pafè, e, poutan, Li di pou nou vin sa. Kidonk, men, sa L te fè a, Li te fè yon eksperyasyon pou nou; Seyè Jezikri ak jistis Li. Se la a pèfeksyon an vini; pou inyore

pwòp sentete nou, ke nou pa genyen; ak pwòp panse nou, ki pa ta dwe egziste. Men nou repoze nou seryezman sou zèv akonpli Seyè Jezi a. Bondye te voye L sou tè a, e se nan Li ke nou repoze nou.

<sup>42</sup> Remake, pandan tout ane sa yo, an otan ke nou konnen, li te jis gen sèl batèm abiman sa ki te kouvri l. Men atravè ane yo, Bondye te modle karaktè nonm lan nan yon pwen kote, apre apèl li a, li te ka ajiste l a abiman an pou vin sèvitè Seyè a.

<sup>43</sup> E apres a lè Eli te pase e li te lanse l sou li, yo te kòmanse al nan direksyon Gilgal ak anpil lòt kote yo te ale, nan lekòl pwofèt yo, sou wout yo, ap vwayaje. E, finalman, Eli t ap eseye fè Elize retounen. Èske w te remake sa? Ap eseye fè l retounen. Te di: “Mwen. . .” Sinon, “Petèt wout la on tijan twò apik pou wou, pitit gason m. Petèt li on tijan twò etwat pou w mache.”

<sup>44</sup> Ou konnen, kote Eli te ye a, se te jistis. E kèlkeswa kote vrè sèvitè Bondye ap preche Levanjil, se yon Levanjil dwat, san melanj kote Sa ap preche.

<sup>45</sup> Enben, yon jou, li t al anwo la a nan lekòl pwofèt yo, pou vizite yo, e yo te mande l pou l al fè wout li. Yo te di: “Sa twò estrik bò isi a, pou nou.”

<sup>46</sup> Sa nou bezwen jodi a se kèk predikasyon Levanjil, ki pi estrik ki va separe ble a ak pay la, oswa sa ki byen ak sa ki mal. Fè sa ki byen se “byen,” e sa ki mal se “mal.”

<sup>47</sup> Tout kanmarad sa yo ak eksperyans yo, ak tout sa yo te ye! Yo te voye chache yon bagay pou manje, e youn ladan yo te pran yon pye rezen sovaj, epi te rasanble kèk joumou sovaj, e yo te kwit lanmò nan chodyè eklezyastik yo. E, premye bagay ou konnen, yo t ap rele: “Gen lanmò nan chodyè a!”

<sup>48</sup> Men Elize, ak yon doub pòsyon, te konn kisa pou fè, alò li te mete yon ti ponyen farin nan chodyè a. Te di: “Kounye a al manje l.” Nan lòt mo, yo. . .

<sup>49</sup> Jodi a, se yon tip, m ap panse, ke nou gen pakèt Metodis, Batis, Presbiteryen, Literyen, Pannkotis, ak tout lòt bagay, tout melanje ansanm, e youn ap goumen ak lòt. E nou pa bezwen chase tout bagay la pou elimine l. Nou bezwen yon lòt ti ponyen Farin. Kenbe menm legliz la.

<sup>50</sup> Farin lan te soti nan kay lekòl la la, ki te ofrann farin lan ke moun yo te mennen, e premye fwi rekòt la ki te moulen ak yon mèl moulen ki te rann chak ti grenn farin menm lan. Epi apres a lè. . .

<sup>51</sup> Farin sa a, poutèt li te menm lan, te yon tip Kris. Farin se lavi. E lè tip Kris la, farin lan, ap moulen menm jan an; sa vle di: “Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Epi farin nan ofrann farin lan, lè yo mete farin sa la a, mete Kris nan lanmò te pote Lavi. Se sa ki fè diferans lan nan fòm lanmò nou, nan diferans nou yo, nan agiman eklezyastik nou yo ak tout bagay.

Si nou ta jis entwodwi Kris ladann, li t ap chanje lanmò, ak separasyon, nan Lavi, si nou ta jis fè sa.

<sup>52</sup> Gen diznèf milyon Batis Ozetazini. Gen trèz milyon Metodis Ozetazini. Gen onz milyon Literyen Ozetazini. E di milyon Presbiteryen Ozetazini. E sèl Bondye konn konbyen Katolik, ki depase nenpòt nan denominasyon yo. Men, nan tout sa, kisa nou bezwen? Yon ti ponyen Farin. Nou bezwen pou pote Lavi bay legliz. E Kris se Lavi a. Li te vini pou pote Lavi pou nou.

<sup>53</sup> Kifè, yo te gen diskisyon pa yo, ak lekòl yo, ak teyo-... teyoloji yo, e latrye.

<sup>54</sup> E Eli te di Elize: “Pito w retounen, paske chemen an ka yon ti jan difisil.” Men yon sèvitè Bondye ki te fè fas a sa yon fwa, oswa ke abiman jistis ak pwisans Bondye a te lanse sou zepòl li, se pa si fasil pou w retounen dèyè.

<sup>55</sup> Lè m te tande pastè a di, maten an, ke nou . . . “Anpil t ap vin dekouraje.” Sa nou bezwen, frè, se pran kouraj! Sa nou bezwen se pou yo ankouraje nou, se vre. Eprèw ka vini. Yo pa t janm pwomèt nou pou yo debarase nou de yo, men Li va bay gras pou pase atravè yo. Si montay la twò wo pou pase sou tèt li, twò fon pou pase anba l, twò laj pou fè tou li, Li va bay gras pou pase atravè l. Se vre. Jis pa enkyete w, men gade je w sou Kris, paske Li se sèl Sila ki ka fè nou pase atravè l.

<sup>56</sup> Kounye a, nou wè yo alòske yo kontinye ap vwayaje, te rive nan lekòl la. Epi li di: “Rete isi a kounye a. Rete la, epi enstale w epi vin yon bon anseyan teyoloji, e latrye. E petèt, yon jou, w ap ka vin dwayen kolèj isi a. Men mwen dwe kontinye desann yon tijan pi lwen.”

<sup>57</sup> Èske w ka imajine yon sèvitè Bondye ki satisfè pou l vin dwayen yon kolèj, alòske Pwisans Bondye a te etann drèt toutotou kote l te kanpe a? Non, mesye. Li te reponn: “Kòm Seyè a vivan epi nanm ou vivan, mwen p ap kite w.” Mwen renmen sa.

<sup>58</sup> Rete avè l, kèlkeswa jan w dekouraje, menm si sa vin de manman w, papa w, oswa pastè w. Rete avèk Li.

<sup>59</sup> Bripsoukou yo t al nan Jouden an. Yo te travèse. Epi Eli di: “Kounye a, kisa w vle m fè pou wou?”

<sup>60</sup> Li reponn: “Ke yon doub pòsyon lespri w vin sou mwen.” Li te konnen li gen yon travay pou l fè. Li di: “Yon doub pòsyon.” Pa jis yon bon eksperyans pou rekonfòte, pa jis yon bon lanmen, oswa yon bon fratènite ak rèz legliz la. Men, “Sa m vle se yon doub pòsyon sa k pi bon kounye a.”

<sup>61</sup> Mwen ka di w, lè Bondye pran yon nonm pou yon travay mondyal, li dwe gen yon bagay pi bon pase sa mond lan. Li dwe gen yon bagay pi bon pase legliz. Li dwe al dèyè yon doub pòsyon.

<sup>62</sup> E si te janm gen yon tan ki te bezwen yon doub pòsyon, se jodi a, nan anviwonman moun yo; yon bagay pi bon, yon bagay pi wo. Mwen pa ka . . . Mwen kwè ke pwa ak pen mayi trè bon,

men pafwa mwen dwe monte on tijan pi wo. E nou fè sa; nou oblije. Nou dwe kontinye ap grenpe. Izrayèl t ap retwograde si l te kontinye rete sou menm teren an. Li te dwe vanse oswa retwograde. E se konsa legliz ye.

63 Kifè, pandan yo t ap avanse, sa te pran sèlman kèk minit anvan l te di: “Ou mande yon gwo bagay, men, kanmenm, si w wè m lè m va ale, w ap jwenn sa w mande a.”

64 Bon, motif la dwe inik, kè a dwe senp, je a dwe inik, kenbe je w sou pwomès la. Hm! Si w malad maten an, si w aflije, gen yon sèl gwo pwomès; pa pwomès Eli, men pwomès Bondye Limenm. “Si w ka kwè, lè w priye, kwè ke w jwenn sa w mande a, e ou va resevwa l.” Kèlkeswa sa doktè a di, konbyen *sesi* oswa *sela* ap fèt; rete fikse sou pwomès la.

65 Eli te ba l yon kondisyon: “Si w wè m lè m ale, sa va vin sou wou.”

66 Gen yon pwomès: “Si w ka kwè, tout bagay posib pou sa yo ki kwè.”

67 Pafwa mwen gade tèt mwen, e m konn panse: “Mwen te tankou yon lagratèl nan vi pa m. M te konn ap tann, epi rate plizyè milye nanm, pou Wayòm lan, paske m te konn ap tann pou di: ‘Bondye. . .’ M te depann twòp de yon don esprityèl. E m te konn di: ‘Seyè, si W jis montre m, si W ban m yon vizyon kisa pou m fè.’” Epi Bondye bay vizyon an, apres a m vire epi kite yon moun fè m fè yon lòt bagay.

68 Epi, o, m poko janm rive nan plas la, ankò, jiskaske mwen. . . tankou mwen genyen l nan moman sa, kote mwen santi ke se lafwa, ke nou dwe eksprime l la, paske se yon pwomès. E bagay Li te fè yo, ak gerizon Li te akonpli yo, ak mirak yo; a yon pwen tèl, li te desann epi yo te pran foto L bò kote nou, e latriye, sa pa t janm fèt depi mond lan te kòmanse. Epi apres a kanpe toupatou tankou yon lagratèl? Sa menm fè m dekouraje ak tèt mwen. Li lè pou kenbe je w sou pwomès la.

69 E se sa, ak gras Bondye, mwen detèmine pou m fè. E mwen reyalize ke tout demon nan lanfè pral tire sou sa. Men, ak gras Bondye, mwen detèmine pou m kenbe je m sou pwomès la.

70 Elize di: “Si ou,” oswa, Eli di: “Si ou wè m lè m prale, ou va gen sa w mande a.” Se vre. Ou dwe gade je w sou sa; siveye pwomès la. Tankou, e si gen nan lekòl sa, e si l retounen, pou di: “Hey, ti mesye, jan m ye kounye a, pou ap pede mache dèyè pwofèt la?” Li t ap echwe, petèt. Men li pa t fè ka de sa lekòl la te panse, oswa sa tout anseyan yo te panse. Li pa t fè ka de sa vwazen yo te panse, oswa fwaye yo, oswa kimoun ki te gade l. Li te gade fwa l nan pwomès la.

71 Sa nou bezwen jodi a se lafwa nan pwomès Bondye, epi pa fè ankenn atansyon a sa *sila a* di oswa sa *sa* di.

<sup>72</sup> Tankou yon frè te di, yon minis te gen de tifi ki te bèbè, epi kritik sou gerizon Divin, kòm kwa, “Timoun yo pa ka geri.”

<sup>73</sup> Pa fè ankenn atansyon a kritik. Gade fwa w nan pwomès la. Bondye di sa! “Priyè lafwa va sove malad yo, e Bondye va resisite yo.” Si Li ka fè yon soud bèbè tande, Li ka fè yon lòt soud bèbè tande. Nou konnen, ak prèv enfayib, ke Li fè sa. Kenbe fwa nou nan pwomès la. Je nou fikse; zòrèy nou fikse; kè nou fikse; e, yon sèl bagay, sou Jezikri, e Li kapab akonpli sa L te pwomèt. O, lè n ap panse a sa, sa chanje tout sèn lan nèt lè nou jwenn sa. Bondye te fè pwomès la. Bondye se Sila ki te di sa.

<sup>74</sup> Kounye a, *men* reprezantan Bondye a ki te di l, e la Bondye Limenn te di l. Alò kisa nou ka fè? Anyen lòt ke gade panse nou sou sa. Li di: “Si w wè m lè m prale, w ap ka jwenn pwomès la.” Elize te kenbe je l sou Eli. Kèlkeswa sa k te di chak bò, sa k te rive chak bò, sa k te rive anvan sa, li pa t menm janm gade l. Li te kenbe je l sou pwomès la. Men li, je w sou pwomès la.

<sup>75</sup> M ap panse a dam ke nou te vizite lòt jou swa a, Sè Sauer. Epi doktè a ki t ap di l kijan l pa t anfòm. E m pa t janm di manzè; m te di byenneme li. Epi jan sa t ap enposib pou li ta janm geri. Bon, frè, bofis li te poze m kesyon sou sa. Mwen te reponn: “Si l ka kenbe je l sou pwomès la.” Kèlkeswa sa k rive a, kenbe je w sou pwomès la.

<sup>76</sup> Kèk semèn de sa, Sè Wood isi a, ak Frè Wood, de bon zanmi nou isi a nan legliz la. Mwen te Michigan ak zanmi m yo, Leo ak Gene. Nou te kite reyinyon Chicago a pou ale avèk kèk nan fidèl pa yo, pou . . . pandan de jou, pou al chase sèf avèk banza ak flèch. Epi sou wout pou m retounen, madanm mwen te reyisi jwenn mwen, e manzè te di: “Priye pou manman Madam. Wood. Yon kansè ap manje figi l.” Li te di: “Mwen pa t janm wè Sè Wood sitelman boulvèse. L ap kriye.” Sè Wood te toujou yon ewo lafwa, depi Bondye te geri ti gason l lan ak yon janm enfim, epi te geri l de tibèkiloz, e latriye. Men manzè te dekouraje.

<sup>77</sup> La nan chanm lan, jou swa sa a, nou te priye. Lè Madam. Wood antre, li te di: “Frè Branham, nou pral lòt bò a.” E nou t al jwenn manman l, ki te Louisville. E li te gen yon kansè sou kote nen l, e doktè a te jwe ladann, te gaye l; jis grandè yon ti sèk gwosè nen l, te atenn jis apeprè yon uityèm pous de je l, jis zo a ekspeze la. Li te manje l osi vit ke l te kapab.

<sup>78</sup> Mwen te antre nan sal la, epi m te mete m ajenou. Mwen te di: “Mwen vle pale avè l pou kont li.” E m t al nan chanm lan pou priye ak dam lan. E pandan m te nan sal la, m te panse: “O Bondye, si W jis montre m yon vizyon sou sa k pral rive dam lan.” Mesye. ak Madam. Wood te chita deyò a, ap tann pou wè kisa vizyon an t ap di.

<sup>79</sup> Men pandan m te la, mwen te santi m kondane. Mwen te santi m kondane poutèt m t ap tann yon vizyon. Ta sanble tankou yon Bagay ki t ap refere a, “Èske se pa t apèl la. Poukisa w bezwen

yon vizyon, alòske pwomès la te deja fèt?” Alò m te mete m ajenou epi m te priye. E pandan m t ap priye, yon bagay te ankre alenteryè, fwa pwomès la.

<sup>80</sup> Retounen soti. Epi Madam. Wood, lè m te pale l de sa, te di: “Èske w te wè yon bagay, Frè Branham?”

<sup>81</sup> Mwen te reponn: “Mwen pa t janm wè anyen egzaktman, men mwen te santi yon Bagay ki te di m ke pwomès Li te vre e Li ta pral fè l. E mwen kwè ke Li pral fè l.”

<sup>82</sup> E nan mwens ke vennkatrè, ekstremitè kansè sa a te kòmanse dekale epi yon ti kwout te fòme sou li. Kansè pa fè kwout, jan nou konnen, sòf si l mouri. Kifè men li kounye a. E dam lan geri, e li lakay li. Ala yon Kris mèveye! Nan kenbe je nou sou pwomès la! Bondye di sa!

<sup>83</sup> Men lè yo priye pou nou, pafwa, nou pati pou ap di: “Ebyen, sa pa t fèt imedyatman, alò petèt nou ta fè mye retounen ankò.” O, non.

<sup>84</sup> Kenbe je w sou pwomès la. Bondye te di sa, se fin ekplike. Se tou. Si Bondye te di sa, Bondye ka kenbe pwomès Li, osinon Li pa t ap janm fè l.

<sup>85</sup> Abraham te rele bagay sa yo, ki pa t la, kòm si yo te la. E, pandan vennsenkan, li te kanpe sou enposib, paske li te estime ke Bondye te ka akonpli sa L te pwomèt. Amèn. E nou se pitit Abraham, pa lafwa.

<sup>86</sup> Sètènman, Eli te kenbe je l sou, oswa, Elize sou Eli, e pandan yo t ap vanse. Epi apre yon ti tan, charyo a te vini epi te separe yo, youn on kote e lòt la lòt bò, e alò sa te ranmase Eli. Sou . . . Li te monte nan charyo a e l te monte, epi li te retire manto l sou zepòl li e li voye l tounen bay Elize. Paske, Elize te grandi avè l, ou konnen, alò li te byen chita sou li. E èske w ka imajine w . . . ?

<sup>87</sup> O, mwen vle w ban m tout atansyon w, pandan m santi gòg mwen ap grate m. Mwen vle mande w yon bagay.

<sup>88</sup> Èske w ka imajine w jan Elize te santi l lè l te ranmase manto sa, te mete l sou zepòl li? O, ala yon sansasyon!

<sup>89</sup> Mwen pa vle rann sa pèsònèl, men apeprè dizan de sa, depi chè a isi a, mwen te preche yon mesaj; David, gèye ak yon fistibal nan men l, epi Golyat devan l. Nan epòk sa yo pa t gen ankenn kanpay gerizon nan chan an, ankenn kote, jan nou te konnen an. E, o, ala moun yo te konn kritike gerizon Divin! Men te gen yon bagay, apre w te fin rankontre yon Èt. Epi pastè yo te konn di m ke m t ap pèdi tèt mwen, ke sa pa t posib. Men, apati de menm espas sa isi a, mwen te pale sou David. Te di: “Èske w vle di m ke sa, lame Bondye vivan an, pral kite Filisten ki pa sikonsi sa defye lame sa?”

<sup>90</sup> Yon vyek ti gason ak zepòl koube, cheve boukle ak yon manto po mouton sou li, ak yon fistibal nan men l; ak tout yon lame Izrayèl annantye kanpe, kwense. Epi limenm, pou kont li, te

mache soti. Avèk yon nonm, ak yon—ak yon lans apeprè diznèf pye longè, e bagay ki nan pwent li te peze plizyè liv, petèt se ven liv asye, byen file, yon lans diznèf pye, ak dwèt ki fè katòz pous longè.

E David petèt te peze katrevendis liv, e li te kanpe, ap bondi monte desann, tankou yon ti kòk kalite, pou ap di: “Nou vle di m,” o la la, “ke n ap kite Filisten ki pa sikonsi sa a! Si l rete nan plas li, se kòrèk, men l ap defye lame Bondye vivan an.” O, la la, ala yon ewo! “E nou tout nou pè al goumen avè l?” Te di: “Kite m pran l.” O, la la! Li te di: “Bondye nan Syèl la te kite m touye yon lyon ak yon fistibal, Li te kite m touye yon lous ak yon fistibal, e konbyen plis L ap lage Filisten ki pa sikonsi sa nan men m!” Sètènman.

<sup>91</sup> E lè premye viktwa a te ranpòte, e Golyat te tonbe, tout lame Izrayèl yo te swiv David. Epi yo te koupe tèt epi yo te bat, Izrayèl. . . oswa te bat Filisten yo jouk nan pwòp peyi yo. Yo te repouse yo nan kwen yo, epi yo te masakre yo, e yo te pran vil yo, ak tout bagay, e yo te ranpòte viktwa a.

<sup>92</sup> Frè ak sè, menm bagay la te fèt nan domèn sinatirèl, lè yo te di: “Gerizon divin pa ka mache. Jou mirak yo pase.” Si jou mirak yo pase, jou Bondye yo pase. Legliz ki pa kwè nan sinatirèl ap fin pa mouri, e Bondye va kite legliz la. Li oblije! E Bondye te bay pwomès la, e pwomès Bondye yo Etènèl.

<sup>93</sup> Isi a kèk tan de sa lè kèk tifi t ap jwe ak radyòm, epi yo t ap tranpe l, epi penti radyòm nan mont yo sou men yo. Mwen gen enpe sou mont sa a. Epi yon tifi te fè yon erè pou l te pran bwòs la epi te mete l nan bouch li. Sa te touye l. E plizyè plizyè lane apres, yo te pran yon mikwoskòp epi yo te mete l sou zo kràn tèt tifi sa, e yo te ka toujou tandè radyòm sa k ap bouje, “Burr-burr-burr.” Li san fen. Li kontinye ap aji, ankò e ankò. Pa gen rete posib.

<sup>94</sup> E, o, frè, si radyòm lan gen jan de efè sa sou nou, konbyen plis Bondye ki san fen, Etènèl, sinatirèl, ak tout pouvwa, enfini, Toupwisan an! Li dwe gen menm efè jan l te kòmanse a. Li dwe genyen l nèt ale, osinon Li pa Bondye Toupwisan, ak tout pouvwa a. Li toujou ap tann yon moun ki gen yon fwa solid, ki va soti pou defye lènmi an sou baz Pawòl Li pou di ke Se konsa.

<sup>95</sup> E kounye a kisa k te rive, osito ke gwo kanpay gerizon an te kòmanse? Alò dè milye sòlda, sèvitè Bondye yo, ki te ret dèyè nan ti legliz yo, tankou Oral Roberts, Tommy Hicks, epi anpil nan lòt mesye eksepsyonèl nan chan an, te rale Epe yo epi yo te pati. Epe sa a ki koupe alafwa ale kou vini, monte kou desann, epi antre kou soti, “youn k ap Disène panse, jouk nan mwèl ak zo.” Yo te rale Bib yo, Epe yo, epi yo te mache soti, lè yo te wè ke sa te ka fèt. E nou te bat lènmi an, ak gras Bondye, jouk lemonn antye te gen yon revèy gerizon. Li ka fèt. Ti pastè yo ki te gen ti legliz de

pa kat, e latriye, te an fe e yo te wè vizyon an, yo te tire Epe a epi yo te pati, epi yo te defye lènmi an.

96 “Kijan w fè konnen ke genyen?” Gen grantòm, Kongrèsman Upshaw, Wa George Angletè, ak anpil granzòm ki te kouche malad e aflije, te geri pa Pwisans Bondye Toupwisan an. Alò yo pa ka di anyen sou sa kounye a. Se fini. Sètènman! Li te . . .

97 Apresa Elize te pati answit, tout dezi kè l se te jwenn pwomès sa. Li te vle pwomès la, se te motif li, se te tout bagay pou li, se te vi l, se te entansyon l, tout bagay, tout, tout bagay te depann de jwenn pwomès sa.

98 Mwen konvenki ke nou pa sensè konsènan bagay sa a ke n ap pale de li a. Si tout motif ou, maten an, chita sou, “M ap bay Bondye lwanj pou gerizon m. Mwen detèmine pou m geri pa Pwisans Bondye. Mwen detèmine pou m viv yon vi Kreyen. Mwen detèmine pou m mache anpè ak Bondye. Mwen detèmine pou m fè l. M pa bezwen konnen sa manman di, sa legliz di, sa pastè di, sa nenpòt lòt moun di, sa mond lan di. Mwen detèmine. Se detèminasyon kè m.” W ap rive yon kote lè sa.

99 Alò, lè Elize te wè ke li te detèmine pou jwenn li, Eli te wè ke *Elize* te detèmine, li te ba l pwomès la. Kounye a, pwomès la se te: “Si w ka wè m lè m ale! Si w ka wè m lè m pati!” Kounye a sa te rete nan men Elize. Li te vle tandè pwomès la, kifè li te gen pwomès la. Kounye a gen yon “si” ladann. “Si w ka wè m lè m ale!”

100 Kounye a, si w malad maten an, epi ou vle geri, mwen ka pwouve w ke Kris te ba w pwomès la. Pwomès la se pou wou: “Si w ka kwè! Si w ka kwè!” Piga w sibi defèt.

101 Kounye a Elize te vlope nan manto Eli, pwofèt la. Ala yon mach pou konkeran! Jan l te mache, ap dirije l al nan Syèl, kòm yon konkeran! Li te tandè pwomès la. Li te santi pwisans lan. Li t ap mache tankou yon gèrye, ap desann jouk nan Jouden an.

102 Lwanj pou Bondye, zanmi! Chak kwayan, maten an, ki vlope ak jistis Kris la, ap mache nan direksyon wout Jouden. Se vre.

103 Kite bonm atomik yo vini; kite l, nenpòt kòman an. Nou vlope e n ap mache, konkeran an. Amèn. Mwen . . . “Pa pè. Mwen pran viktwa sou mond lan.” Wi, mesye! Sonje kisa? “Mwen pran viktwa sou mond lan.” Kris te di sa.

104 Eli t ap mache ak yon abiman dezyèm men sou li, menm tankou yon konkeran, kòrèkteman, ap vini nan Jouden an.

105 Frè, kite m di sa ak respè pou wou. Piga w mete abiman yon lòt moun ki chaje ak dout, kote tout defèt ak sipèstisyon sa yo epi bon ak move moman te fè twou ladan l, pou y ap chape tout bagay. Nou mete abiman Konkeran an sou nou, Kris. Pa mete konfyans nou nan legliz nou ki te anseye otrefwa sali a ak batèm Sentespri a, ki te konn anseye gerizon Divin yon lè e ki nye Sa kounye a, ravaje nèt ak vè dout ak tout lòt bagay. Mete abiman

Sila ki pa t janm pèdi yon batay, paske nou sou wout nou nan direksyon Jouden an. Amèn.

<sup>106</sup> Bon, li te mete yon abiman dezyèm men, se vre. E anpil nan moun yo maten an gen abiman dezyèm men sou yo. Men lè l te rive nan Jouden an, li te reyalize ke abiman an poukont li pa t ap fè travay la. Se vre. E legliz, Metodis, Batis, Pannkotis, Presbiteryen, “O, nou gen lekòl! Pou . . . Mwen, nou gen tout kòd etik, nan Bib la, byen solid. Nou gen tout abiman trikote yo byen an plas, pwomès yo. Nou gen tout bagay nèt. O, nou te batize, te desann. E nou trè apostolik. Nou gen lafwa apostolik. Nou kwè nan gerizon Divin. Nou kwè nan Bondye. Nou kwè nan Pwisans Bondye. Nou te batize, nan Bib la, fason Bib la di. Nou te resevwa Sentespri a. Nou te pale an lang. Nou fè tout bagay sa yo.” Men, frè, si se sèl bagay ou bezwen, ou va jwenn mankman w, tou, lè w rive nan Jouden an.

<sup>107</sup> O, yo ka anseye w. Ou ka entèlijan. Ou ka gen yon Diplòm. Doktè., Doktè an Divinite. Ou ka gen yon Diplòm. Filozofi., Doktè an Filozofi. Ou ka gen yon Diplòm. Literati., Doktè ès Lèt. Ou ka gen tout kalite diplòm. Ou ka gen abiman legliz Metodis sou wou. Ou ka gen abiman legliz Pannkotis sou wou. Ou ka gen abiman Asanble yo sou wou, oswa Inità yo, oswa Trinitè yo, ou kèlkeswa sa l ka ye a. Se sèlman yon abiman dezyèm men, pou kòmanse, se vre, ke kèk dòg lòm fè, ke yo te panse, e latriye konsa; e menm si w te yon Kreyten, e legliz la te yon legliz Kreyten, epi abiye kòrèkteman.

<sup>108</sup> Men lè Elize, te kanpe, te parèt byen aklè, nan yon larivyè antye ranpli ak pwofèt ak moun k ap kritike, pou wè kisa l t ap fè, men li ki vini, ap mache ak manto Eli a sou li, o, la la, alelouya, yo te aprann li yon lòt fason, yo te edike l, li te soumèt li, li te kwè, pa t gen anyen ki mal avè l, l ap desann al nan Jouden an, lemonn t ap siveye l.

<sup>109</sup> O Bondye, ala nou bezwen sa jodi a! Avèk anpil entelektyèl byen edike; avèk anpil moun ki ka dechire Bib sa pyès pa pyès epi mete L ansanm, matematikman; anpil moun ki ka fè gwo bagay nan domèn ansèyman; ki konn istwa Bib la jouk nan moman an menm, ki ka di w kilè chandèl la te limen, epi kilè li te etenn. Yo ka di w tout bagay sa yo. E yo se . . . Yo gen batèm dlo a. Yo te resevwa batèm espiritiyèl la, jan yo rele l la, manto a. Yo te gen tout bagay plase annòd.

<sup>110</sup> Se konsa Elize te fè, men lè l te desann al nan Jouden an, pou fè fas a monn kritik la, kisa l te kriye? “Kote Bondye Eli a?” Se pa t manto Eli a ki te fè l. Se te Pwisans Bondye Eli a, ki te fè l.

<sup>111</sup> E bagay mond lan bezwen maten an se Pwisans Bondye Eli a. Ou te ka pale an lang ak rele fò, epi ap kouri sou planche a. Men sa nou bezwen se Pwisans Bondye Pannkot la, pou pwodui lavi ak bagay ki t ap viv nan jou sa, nan pwisans apostolik la.

112 Yon abiman dezyèm men te kòrèk, men li te bezwen yon nouvo apèl nan kè l ki vin de Bondye. Li te bezwen yon onksyon tou fre nan men Bondye. Li te mete yon abiman dezyèm men lè l te rive nan rivyè a, men li te bezwen yon nouvo apèl tou fre dirèk ki vin de Bondye, ak yon Pwisans dirèk ki vin de Bondye, pou akonpli mirak la.

113 Epi, frè mwen, ou pa bezwen pè mande Bondye nenpòt bagay la. Ou dwe egzije Bondye, oswa mande Bondye, nenpòt bagay ke L te pwomèt. Paske, si m ap prezante yon Bondye ki omnipotan e ki gen tout pouvwa, e si m se yon sèvitè Bondye, mwen dwe fè zèv Bondye. E si m fè zèv Bondye, mwen dwe egzije ke Bondye akonpli bagay sa yo, paske Li egzije ke m pou pwodui sa k enposib la. Mwen oblije mande L. Mwen dwe evoke L, epi kanpe la pou di: “Bondye, Ou te pwomèt li.” Konsa oumenm tou, chak moun.

114 “Ou va resevwa pwisans,” Ak 1:8, “apre Sentespri a vin sou wou.” Apre Sentespri a vin sou wou! Apre w fin abiye w antanke Kreyen, apre fwa w fin tabli nan Kris, lè sa w ap resevwa pwisans. Men li. Wi.

115 Epi, frè, sè, chak nan nou, maten an, pèmèt mwen di sa anvan m priye pou malad yo, pèmèt mwen di sa: Avèk èd Bondye, priye pou mwen. Pandan m te kanpe, dizan de sa, sou estrad sa, ap preche sou David ak Golyat, kounye a se pa t yon Golyat ki t ap deranje m, Bondye te disparèt li devan m, men bagay ki t ap nwi m, se te yon mank de fwa, mankman yon bagay ke m te konnen ki te nan viwonn lan.

116 E maten an, devan ti tabènak sa ankò, m ap rele: kote Bondye ki te bay pwomès sa a? Kote Bondye ki te rankontre m ak sa, laba? Vin annavan, Bondye, epi ban m kouraj. Ban m fòs. Ban m yon espri ki detèmine, kèlkeswa sa k ap vini ou sa k ale. Ke sa sanble l sonb, oswa ke sa sanble . . . Kèlkeswa a sa l sanble a, avanse. Pwomès la vre.

117 Epi frè, sè, youn nan jou sa yo . . . Pou noumenm zanmi pechè yo isit la maten an, e pou noumenm moun k ap eseye imite Krisyanis yo, ou ka fè pati de legliz, se trè byen, m pa gen anyen a di kont sa, m pa gen anyen kont bon jan edikasyon w nan inivèsite, oswa kont teyoloji ou, Mwen pa gen anyen kont sa, men, o, kote Bondye a?

118 Se pa t Eli, apretou. Se pa t Eli ki te louvri rivyè sa. Se pa t manto l la. Elize te retire l sou zepòl li. Li te plwaye l menm jan ak Eli. Men lè l te kòmanse eseye balanse l, pa t gen Pwisans la. Alò li te kriye, konsyan ke Bondye te yon kote: “Kote Bondye sa? Kote Li?” Alò yon bagay te dwe frape pwofèt la, paske li te ajite manto sa epi li te frape dlo a, epi dlo a te louvri sou tou de bò. E devan klèje nan epòk sa, devan moun k ap kritike jou sa, li te travèse Jouden an, jis tankou Eli te fè anvan l.

119 Nou pa bezwen ansèyman an; nou genyen sa. Men nou bezwen Bondye Eli a. Nou bezwen Pwisans Bondye Eli a, tounen nan legliz nou an. Pouvwa pou rann sa solid la, epi rele Pawòl Bondye a, “Jis,” pe enpòt.

120 E nou, tout moun isi a maten an, antan ke èt imen, sou wout nou nan direksyon Jouden. “E lè l te rive nan Jouden an.” Ou pral rive la, youn nan maten sa yo oswa youn nan sware sa yo.

121 Lè l te rive nan Jouden an, li t ap mache tankou yon konkeran. Men, lè l te rive Jouden an, se te diferans lan. Li te gen yon abiman dezyèm men sou li. Yon lòt moun te deja pote l. Men se te yon bon abiman, e li te konnen kimoun nonm ki te pote abiman an te ye.

122 Frè, sè, youn nan maten sa yo, m ap oblije desann al nan Jouden an.

123 M t ap panse. Apre midi sa, nou pral desann al kay Frè ak Sè Wright. Pa bliye yo. Sa se anivèsè maryaj annò pa yo. Mwen kwè, legliz, pral gen yon—yon dine avèk yo. Mwen t ap panse, lòt jou: senkantant! E mwen wè yo toulède, byen aje epi ap febli. M te panse: “Wi, m gen karannsetan.” Yo te apèn marye twazan anvan m te fèt.

124 Karannset! M ap mache nan direksyon Jouden an. Mwen dwe desann. Mwen dwe rive la. Mwen pral rive la. Sa ka nan yon aksidan sou wout la. Mwen ka tonbe sot anlè, nan yon avyon. Yo ka tire m, ak yon flèch dyab la yon kote, epi mouri. M pa konn kijan m prale. Men, gen yon sèl bagay mwen konnen, m prale, e m ap mache nan direksyon Jouden an.

125 Men lè m rive la, m vle konnen yon sèl bagay, ke m gen yon abiman dezyèm men sou mwen, tou. Mwen pa fè konfyans a pa m nan, paske li pa bon. Paske, osito ke Elize te ranmase manto Eli a, li te chire pa l la an miyèt moso epi li te jete l atè. E se konsa sa te ye lè m te jwenn Kris. Mwen te dechire pwòp tèt mwen, pwòp lide pa m yo, pwòp tenten m yo, ti zing bagay mwen an. Mwen te panse, lè m te yon ti, predikatè Batis, mwen te jis apeprè tankou. . . Mwen te yon gwo zafè. Men, mwen te dechire l; Mwen te mete abiman pa L la. E lè m rive nan Jouden an, mwen vle jwenn tèt mwen vlope ak manto pa L la. L ap swiv sa. E nou pral rive la youn jou.

Men annou priye jis yon moman.

126 Papa nou ki nan Syèl la, pandan n ap mache al nan Jouden nou an maten an, antanke konkeran, e yon jou, nou gen pou n prezante yon bagay bay Jouden an, sa ap, pou lanmò. Epi, o, ala yon bagay terib sa va ye, yon separasyon ak Bondye! Nou pap ka travèse, non. Men Elize, lè l te rive la, li te mete manto Elize a. . . manto Eli a. E lè l te retire manto Eli a, nonm ki te fè W plezi anpil la, Ou te akseptè l epi mennen l monte nan Syèl avèk Ou, epi Elize te pote manto l la, konsa li te prezante bay Jouden an,

ki se lanmò, manto Eli a, e sa te aksepte, e Jouden an te louvri, e li te travèse.

<sup>127</sup> Chè Bondye, yon jou, nou gen pou n desann. Nou pa ka prezante bon zèv nou yo; nou pa genyen. Nou pa ka prezante anyen nan mond lan. Mwen pa menm anvri anyen, pou eseye prezante l, men mwen fè konfyans totalman nan merit Jezi yo. Ou te aksepte L, epi te resisite L soti nan lanmò, e yo te mennen L nan Prezans Bondye e la L ap rete pou tout tan. E, Bondye, mwen vle prezante sa ba Ou, ke mwen kwè nan Li, e mwen renmen L. Epi, pa gras Li, Li te abiye nou ak abiman Li. E mwen priye, Papa, ke W va ede nou kounye a nan jou batay yo. E kote sèvitè Bondye yo dwe fè zèv Bondye yo, Mwen priye ke Ou va kite nou pran abiman Kris la, pwisans Sentespri a, pou envoke Bondye ki t ap viv nan Li a. Akòde l. Nan Non Kris nou mande l.

<sup>128</sup> E pandan nou gen tèt nou bese. M jis ap mande m, isi a maten an, si gen yon moun k ap eseye mache desann nan Jouden an, san abiman sa sou li. Si gen yon moun ki pa gen abiman Jezikri a sou ou, e menmsi Pitit Bondye a te mete l yon sèl fwa. M ap mande m, si w pa gen sa maten an, si w ta leve men w bay Bondye pou di: “Chè Bondye, nan moman sa a, mwen vle aksepte l kounye a.”

<sup>129</sup> Bondye beni w, madam. Èske yon lòt moun, ta leve men l? Bondye beni w, gason mwen. Yon lòt moun, ta jis leve men w? Bondye beni w, ti gason. Bondye beni w, jenn gason. Yon lòt moun ta leve men yo? Bondye beni w, dèyè a la, mesye.

<sup>130</sup> Jis di sa: “Ak èd Bondye, maten an, mwen vle abandone pwòp jistis tèt mwen, pwòp lide pa m, ak panse pa m sou plezi ak gwo moman, ak peche ke m te viv ladan yo. E m vle ke Kris mete abiman L lan sou mwen, maten an, pou m itilize abiman pa L. Mwen konnen Sa a pafè.” Bondye beni w, gason mwen. Yon lòt moun di: “E m ap jis leve. . .”

<sup>131</sup> Leve men w, di: “Kounye a mwen vle aksepte Sentespri a nan lavi m. Mwen vle abiye ak jistis Li. Lè m rive la jou sa, m p ap prezante tèt mwen pou di: ‘Ebyen, kounye a, Ou konnen mwen te achte tèl kantite chabon pou yon moun. Mwen te fè sesi.’” Sa se byen, sa se trè byen, men sa. . . Yon bagay te dwe mouri, pou w te ka viv, e se sèlman atravè zak sa ou ka sove. Èske w ap leve men w? Pou di: “Kris, kounye a m ap abandone pwòp fason pa m nan. M ap aksepte fason pa W la. Mwen vle W gen pitye pou mwen lè m rive nan fen wout la?” Trè byen. Bondye beni w, madam. Bondye beni w. Trè byen.

Kounye a nou pral priye.

<sup>132</sup> Kounye a, Papa, Jis nou an, ki nan Syèl la, sèt, uit, dis men te leve. Mwen pa konn sitiyasyon yo. Ou konn tout bagay sou yo. Mwen pa konnen. Men yo nan bezwen jodi a. E yo reyalize ke yo nan bezwen, e yo pare pou vini epi aksepte èd nan yon moman kriz; pou wè sa a, gran moman sa ki toupre kounye a, bonm atomik yo, gwo bagay k ap tann nou.

<sup>133</sup> E mwen priye, Papa nou ki nan Syèl la, ke Ou va beni moun sa yo, e jodi a poze men W sou yo epi retire tout inikite ak dout yo. E ke yo jete vye abiman pwòp jistis tèt yo manje ak twou yo a, kote vè ak krikèt, ak twou sipèstisyon epi zafè legliz, te wonyen, e (yo) sa p ap kenbe lontan. Ke yo jis jete l, epi lonje kò yo pou pran abiman Seyè Jezi a. Pou ap di: “Mwen met konfyans mwen nan Li. Mwen vlope tèt mwen, non pa nan jistis pa m, ni nan pwòp panse pa m. Men, apati de kounye a, m ap fè W konfyans.” Akòde ke yo va resevwa l, Papa, paske nou mande l nan Non Kris. Amèn. 🙏

56-1125M Yon Abiman Dezyèm Men  
Branham Tabènak  
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2025 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmasyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souplè:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)